



Sa w dwe konnen sou STIs yo

Ki sa STIs yo ye?

Enfeksyon seksyèlman transmisib (STIs) se enfeksyon ki pase de yon moun a yon lòt pandan kontak seksyèl.

Poukisa li enpòtan pou konnen estati w genyen pou yon STI

- STI yo pa souvan bay sentòm men yo ka lakòz pwoblèm sante grav.
- Seksyèlman, nenpòt moun ki aktif kapab pran yon STI.
- Tès ak tretman bonè kapab pwoteje sante w ak sante patnè w yo.



Kijan pou rete an sekirite

- Itilize kapòt chak fwa w ap fè sèks pou anpeche gwosès ak STI yo. Ou kapab kòmande kapòt gratis atravè lapòs nan Depatman Sante Rhode Island oubyen ou kapab jwenn yo nan etablisman nan kominote a.
- Mande doktè w enfòmasyon sou Doxy PEP – pran antibyotik doksisisiklin nan espas 72 èdtan apre w fin fè sèks san pwoteksyon pou anpeche maladi STI yo. Ou kapab mande doktè w tou enfòmasyon sou PrEP, ki se yon lòt medikaman pou anpeche VIH.
- Fè tès pou STI regilyèman – sitou si w gen plizyè patnè.
- Pale ouvèteman ak patnè w (yo), doktè w oswa pwofesyonèl swen sante w la sou sante seksyèl.
- Limite kantite patnè seksyèl ou yo.
- Mande yon pwofesyonèl swen sante si vaksen kont HPV, mpox, menenjit oubyen Epatit A ak Epatit B bon pou ou.
- Fè tretman – pifò STI yo kapab geri oswa trete ak medikaman.



Sonje:

STI yo komen, yo kapab trete epi ou kapab fè prevansyon pou yo. Konnen estati w genyen pou STI se premye pa pou pwoteje sante w.

Aprann plis

- Jwenn plis enfòmasyon sou STI, jwenn kote pou pran kapòt gratis, jwenn sèvis sante epi eksplòre opsyon tès depistaj yo lè w vizite health.ri.gov/youroptions. Ou kapab rele tou Depatman Sante Rhode Island pou jwenn èd ak sèvis nan 401-222-5960.
- Jwenn enfòmasyon pou jèn yo sou sante seksyèl ak repwodiktif, tankou kapòt ak swen gratis nan Rhode Island, sou [RightToKnow](#) app.



Li enpòtan pou w jwenn swen nesesè pou rete an sante. Si w gen kesyon jiridik konsènan dwa imigran yo pou yo jwenn aksè konfidansyèl ak sèvis swen sante, rele Dorcas International nan 401-784-8607.

